

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab ditétélakeun perkara métode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, téhnik panalungtikan (ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data), instrumén pangumpul data, jeung data katut sumberna.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain mangrupa wangun rancangan nu patali jeung naon nu baris ditalungtik. Ari panalungtikan bisa dihartikeun salaku laporan dumasar panalungtikan ilmiah kana hiji hal atawa variabel (Kamus Besar Bahasa Indonesia /offline/). Bisa dicindekkeun yén desain panalungtikan mangrupa wangun rancangan panalungtikan nu patali jeung naon nu baris ditalungtik, nu dipungkas ku nyieun laporan dumasar panalungtikan/naon nu kapanggih tina panalungtikan.


Desain panalungtikan raket patali jeung pamarekan katut métode panalungtikan. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif, nu ngagunakeun prosedur analisis tanpa statistik. Gunana minangka tarékah ngawangun sawangan panalungtik kana naon nu ditalungtik kalawan rinci, diwangun ku kekecapan, mangrupa gambaran holistik sarta rumit (Moleong, 2012, kc.6).

Saluyu jeung éta pamarekan dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif, ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu dituluykeun ku analisis (Ratna, 2014, kc.34). Ari gunana pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan faktual kalawan léngkah-léngkah panalungtikana ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis, tur napsirkeun data (Arikunto, 2013, kc.270).

Tina pertélaan di luhur bisa dicindekkeun yén métode panalungtikan déskriptif analisis mangrupa métode nu dilaksanakeun pikeun manggihan pasualan-pasualan faktual, nu dituluykeun ku analisis.

Dumasar kana pamarekan jeung métode nu dipaké, desain dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun dina bagan cara ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, aya tilu téhnik nu digunakeun, nyaéta: (1) téhnik studi dokuméntasi; (2) téhnik wawancara; jeung (3) téhnik talaah pustaka.

3.2.1.1 Téhnik Studi Dokuméntasi

Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun sumber-sumber data kawih dina *youtube.com* atawa *google.com* nu sacara husus patali jeung kandaga kecap busana wanoja (kabaya). Dina larapna ieu téhnik, daptar lagu-lagu

kawih téh ditéangan sacara langsung dumasar kecap galeuh nu patali jeung pinton anggon atawa ngaregepkeun lagu sacara acak nu aya dina *youtube*. Udagan tina ieu téhnik taya lian ti maluruh rumpaka kawih nu dijerona aya kandaga kecap nu patali jeung busana wanoja (kabaya). Nurutkeun Sugiyono (2013, kc.240) téhnik dokuméntasi mangrupa catetan tina kajadian nu geus lumangsung, wangunna (1) tulisan, (2) gambar, atawa (3) karya-karya nu dijieun ku hiji jalma (kaasup kawih jeung rumpakana).

3.2.1.2 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara bébas (*free interview*). Ieu téhnik digunakeun pikeun maluruh data ajén palsapah. Wawancara nu dilaksanakeun luyu jeung padoman wawancara (*interview guide*). Waktu ngalarapkeun wawancara bébas di lapangan, nu diperedihna nyaéta kacatetna masalah-masalah utama nu baris dipaluruh. Kaonjoyan téhnik wawancara bébas nyaéta fléksibilitas. Dina ngalaksanakeun wawancara teu pati kauger ku patalékan nu geus disusun jeung deuih éta patalékan-patalékan téh bisa dimekarkeun luyu jeung udagan dina panalungtikan. Udagan tina ieu téhnik nyaéta taya lian ti maluruh soal larapna busana wanoja (kabaya) kaasup kumaha ajén palsapahna. Wawancara dilaksanakeun ka Dr. Suciati, S.Pd., M.Ds. Nurutkeun Esterberg dina Sugiyono (2013, kc. 231) wawancara téh mangrupa kagiatan panggihna dua jalma nu silih tukeur inpormasi jeung ideu ngaliwatan patalékan nu dipungkas ku nyusun maksud nu tangtu.

3.2.1.3 Téhnik Ulikan Pustaka

Téhnik ulikan pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi pangaweruh. Ieu téhnik digunakeun pikeun maluruh harti jeung maksud kandaga kecap nu kapanggih dina rumpaka kawih. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya patalina jeung konsép tioritis katut pertélaan ngeunaan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc.266).

Tina tilu téhnik nu geus dipedar di luhur tétéla ieu téhnik téh ngabogaan léngkah-léngkah ngumpulkeun data kayaning:

- 1) muka internét nu patali jeung *youtube* atawa *google* soal kawih-kawih Sunda;
- 2) ngaregepkeun kawih-kawih Sunda;
- 3) nyalin rumpaka kawih nu ngandung kandaga kecap busana wanoja;
- 4) nyirian kandaga kecap nu patali jeung busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih;
- 5) nyalin kandaga kecap busana wanoja (kabaya) kana kartu data;
- 6) ngayakeun wawancara jeung narasumber ngeunaan busana wanoja (kabaya) katut ajén palsapahna. Salila wawancara, kagiatan téh dirékam jeung dicatet.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih satuluyna diolah ngagunakeun téhnik analisis langsung kana kandaga kecap busana wanoja (kabaya) dina tatanan pinton anggon nu kapanggih dina rumpaka kawih dumasar kategori ciri karakter palsapah hirup urang Sunda, dipaluruh harti jeung maksudna dina kagemblengan rumpaka kawih.

Sanggeus data kumpul, tuluy dianalisis. Ari nganalisis data mangrupa prosés ngatur runtuyan data, ngasup-ngasupkeun data kana hiji pola, kategori, jeung hiji uraian dasar (Patton dina Moleong, 2012, kc.280). Nganalisis data dibeunangkeun ku cara ngagunakeun aturan-aturan nu tangtu, dumasar kana pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan nu dipaké ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 281).

Dina nganalisis data digunakeun dua téhnik, nyaéta (1) téhnik analisis kandaga kecap busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih, jeung (2) téhnik analisis hermeuneutik pikeun napsirkeun ajén-inajén palsapah busana wanoja. Éta dua téhnik téh kawengku dina téhnik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*) anu léngkah-léngkahna cara ieu di handap.

- 1) Niténan deui kandaga kecap nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan kandaga kecap busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih dumasar kana unsur-unsur kandaga kecap boh patali jeung wangun atawa wandana.

- 3) Nganalisis papasingan kandaga kecap busana wanoja (kabaya) tur nafsirkeun éta kandaga kecap dumasar wangun, ciri, fungsi/kagunaan, kontéks, tuluy didésripsikeun ajén palsapahna.
- 4) Nyieun kacindekkan ngeunaan ajén palsapah kandaga kecap busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih Sunda.

Pikeun napsirkeun ajén palsapah busana wanoja (kabaya) digunakeun téhnik hermeneutik. Ieu téhnik gunana pikeun napsirkeun atawa interprétasi sakumaha asal usul kecapna *hermeneia* (basa Yunani: ‘napsirkeun’). Nurutkeun Cole jeung Avison (2007, kc. 820) hermeneutik téh mangrupa prosés interprétasi kayakinan ontologis yén pangaweruh nu nyata bisa dibeunangkeun tina basa, kasadaran hiji manusa, jeung méré maksud kana naon nu tadina teu dipikanyaho. Pancén jalma nu ngalaksanakeun interprétasi nyaéta maluruh tepi ka ngarti ku cara ngotéktak sacara detail éta prosés interprétasi. Jalma nu ngalaksanakeun interprétasi kudu nyaho kana pesen nu aya dina téks (dina ieu hal patali jeung rumpaka kawih), tuluy nyurahan eusi téks tepi ka nu tadina ceuk batur, geus dianalisis jadi nu sorangan.

Pikeun ngahontal analisis, hérmeneutik bisa ngungkulan hasil mikir atawa ideu patali jeung rinéka fénoména (Cole jeung Avison, 2007, kc. 820), kudu dumasar kana pangaweruh nu bener. Maksud moal kapanggih upama teu dirékonstruksi (ilikan Sumaryono dina Wachid, 2006, kc. 210). Dina hermeneutika, aya prinsip nu sipatna objéktif sabab museur kana téks. Ieu sipat ngawengku sipat (1) ontologis; (2) dialéktis; (3) historis; jeung (4) linguistis (ilikan Palmer dina Wachid, 2006, kc. 213). Dina sipat ojektif ogé bakal patali jeung pamahaman éstétik.

Kegiatan hermeneutik (ceuk Ricoeur, 1976, kc. 19) mibanda léngkah-léngkah nu tangtu cara ieu di handap.

- 1) Léngkah maham (*comprehension*)
- 2) Léngkah ngadadarkeun (*explication*)
- 3) Léngkah ngajelaskeun (*explanation*)
- 4) Léngkah napsirkeun (*interpretation*)

Tabél 3.2.2 Heurmeneutik

| No. | Conto Busana | Hermeneutik | | | |
|-----|--------------|--|--|--|--|
| | | Pamahaman | Ngadadarkeun | Ngajelaskeun | Napsirkeun |
| 1. | Kabaya | Kabaya asalna ti Portugis, wangunna siga <i>mantel</i> (ilikan Rigg, 2009, kc. 180); Wibisana, spk., (1995, kc. 6) kabaya asalna tina basa Arab <i>abaya</i> . Jaman baheula, baju kabaya biasana sok diadumaniskeun jeung kaén (sinjang kebat), sanggul, jeung selop. Kiwari, lamun wanoja maké kabaya sakapeung kahandapana sok maké calana boh calana bahan boh calana <i>jeans</i> . | Kabaya dina larapna di masarakat ngalaman parobahan boh wangun boh fungsina boh kontéks makéna. Ieu hal dilantarankeun ku sabab manusa nyaluyukeun dirina jeung trénd nu hirup di masarakat. | Dina kabaya, nyampak ajén-inajén nu nyamuni boh patali jeung warna boh maksud nu dikandung dina kabayana sorangan boh ajén waktu ngagunakeun kabaya. | Kabaya jeung kakiwarian tangtu bakal patali jeung parobahan ajén nu nyampak dina kabaya, ajén kasopanan jeung réligius kiwari jadi salah sahiji nu milu robah. Dina kabaya, aya maksud nu nyangkaruk nyaéta soal solidaritas atawa kaguyuban. Kabaya mangrupa busana tradisional atawa kostum étnik. |

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun ngajaring data. Data mangrupa bahan nu kalintang pentingna pikeun ngajawab sakumna masalah dina panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kandaga kecap busana wanoja (kabaya) nu kagambar tina rumpaka kawih Sunda. Instrumén panalungtikan mangrupa alat/fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.263). Instrumén dina ieu panalungtikan kabagi dua: (1) instrumén ngumpulkeun data; jeung (2) instrumén ngolah data.


3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kabagi jadi: (1) padoman studi dokuméntasi; (2) padoman wawancara; jeung (3) alat rékam.


3.3.1.1 Padoman Studi Dokuméntasi

Padoman studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan nyaéta sababaraha kecap galeuh nu dianggap penting dina soal pinton anggon kayaning: (1) sanggul atawa gelung; (2) samping atawa sinjang; (3) selop; (4) kabaya; (5) karémbong. Sésana dititénan tina judul-judul nu aya dina jilid album atawa didéngékeun kawih dina *youtube*.

Gambar 3.3.1.1
Dokumentasi Rumpaka tina Google



Gambar 3.3.1.1
Dokumentasi Rumpaka tina Youtube



3.3.1.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara dina ieu panalungtikan dijieun poin-poin umum dina perkara busana wanoja (kabaya) kayaning kumaha ajén palsapah wanoja upama maké sanggul/gelung, kabaya, samping/sinjang, selop, kemben, sarta aksesorisna. Sacara husus ditanyakeun ogé patali jeung kandaga kecap busana (kabaya) nu kapanggih dina rumpaka kawih.

Tabél 3.3.1.2
Padoman Wawancara

| No | Hal-hal anu ditalungtik |
|----|---|
| 1 | Busana wanoja (kabaya) dina tatanan pinton anggon |
| 2 | Ajén-inajén wanoja ngagunakeun kabaya |
| 3 | Ajén-inajén wanoja ngagunakeun samping |
| 4 | Ajén-inajén wanoja ngagunakeun sanggul |
| 5 | Ajén-inajén wanoja ngagunakeun selop |
| 6 | Ajén-inajén wanoja ngagunakeun aksésoris/milinéris |
| 7 | Ajén-inajén dumasar kandaga kecap nu kapanggih tina rumpaka kawih |

Tabél 3.3.1.2
Data Narasumber

| Data Narasumber | |
|-----------------|--|
| Ngaran | |
| Umur | |
| Padumukan | |
| Pakasaban | |

3.3.1.3 Ulikan Pustaka

Udagan tina ieu téhnik taya lian ti maluruh soal busana wanoja (kabaya) kaasup harti jeung maksud kandaga kecap nu kapanggih dina rumpaka kawih. Buku-buku jeung hasil panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana: *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, R. A.); *Penggunaan Kosmetik Dasar Kecantikan dan Berbusana yang Serasi* (Rostamailis.); *Makna dalam Wacana* (Sudaryat, Y); *Pengajaran Kosakata* (Tarigan, H. G.); *Kurikulum dan Pembelajaran* (Tim Pengembang MKDP); *Pengantar Semantik* (Ullman, S.); *Glosarium Tata Busana Sunda* (Wibisana, spk.); *Filsafat Sunda: sekilas interpretasi* (Suryalaga, H. R. H.); *Karakter Visual Busana Nasional Ibu Negara Indonesia Tahun 1945-2014* (Suciati); *Bentuk dan Fungsi Kebaya Sunda dalam Konteks Kekinian* (Nugraha, R.).

Tabél 3.3.1.3
Daptar Buku anu Dipaké dina Panalungtikan

| No | Buku | Katerangan | |
|----|------------|------------|--------|
| | | Aya | Henteu |
| 1 | Busana | v | |
| 2 | Kabasaan | v | |
| 3 | Kabudayaan | v | |
| 4 | Pangajaran | v | |

3.3.2 Alat/Pakakas

Alat/pakakas nu digunakeun dina ngadokumentasikeun salila panalungtikan nyaéta alat rékam nu mangrupa hapé Advan E1C 3G kalayan spésifikasi:

- Tipe: Booklet
- OS: Android
- OS ver: Android 6.0 Marshmallow
- CPU: Quad-core
- Kecepatan CPU: 1.3 GHz; RAM: 1 GB
- Storage: 8GB
- Eksternal Storage: microSD up to 32 GB
- Battery: 2500 mAh
- Ukuran Layar: 7 inches
- Resolusi: 1024 x 600 pixel

3.3.3 Instrumén Ngolah Data

Intrumén pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu mantuan panulis dina nyieun papasingan kandaga kecap nu patali jeung busana wanoja. Dina kartu data téh dieusi ku informasi ngeunaan (1) alfabét tina data kalimah; (2) data kalimah nu ngandung kandaga kecap busana wanoja; (3) singgetan sumber data (conto: kawih *Mojang Priangan* disingget MPr); (4) paragraf; jeung (5) baris. Conto kartu data nu digunakeun kayaning ieu di handap.

Conto Kartu Data 1:

| |
|---|
| <p>Kandaga Kecap Busana Wanoja–Kabaya (Kode Sumber Data)</p> <p><u>Analisis</u></p> <p>1. Harti: ...</p> <p>2. Ajén Palsapah: ...</p> |
|---|

EDIA JEUNG

Conto Kartu Data 2:

Diraksukan kabaya (MPr/1/3)

Analisis

1. Harti: busana wanoja bagian luhur
2. Ajén Palsapah: saringset

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Inti tina hiji panalungtikan nyaéta kakumpulna data atawa informasi nu satuluyna diolah atawa dianalisis tur hasilna diinterpretasikeun salaku kacindekan panalungtikan. Data nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta téks rumpaka kawih Sunda nu geus dikumpulkeun ku panalungtik nu jumlahna 29 rumpaka kawih. Éta rumpaka kawih nu jumlahna aya 29 dijeronan ngandung kandaga kecap nu patali jeung busana wanoja (kabaya). Ieu di handap *cover* album kawih nu dijeronan ngandung kandaga kecap busana wanoja (kabaya).

Gambar 3.4.1.1


Kawih Sorodot Demang



sumber: *google.com*

Gambar 3.4.1.2

Kawih Sinjang Gejed Milo



sumber: *google.com*

Gambar 3.4.1.3
Kawih Istri Sunda jeung
Saminggu Kalangkung



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.4
Kawih Karémbong Kayas,
Ka Bulan, Kabaya Bandung



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.5
Kawih Kabaya Beureum



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.6
Kawih Mojang Priangan



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.7
Kawih *Tepang Sono*




sumber: google.com

Gambar 3.4.1.8
Kawih *Begér Pakokolot*



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.9
Kawih *Kembang Goyang*



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.10
Kawih *Éntog Mulang*



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.11
Kawih *Mahoni*




sumber: google.com

Gambar 3.4.1.12
Kawih *Sinjang Réréng Adu Manis*




sumber: google.com

Gambar 3.4.1.13
Kawih Poho ka Balik



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.14
Kawih Ayun Ambing




sumber: google.com

Gambar 3.4.1.15
Kawih Sinjang Batik



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.16
Kawih Sinjang Bodas



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.17
Kawih Kabaya Konéng



sumber: google.com

Gambar 3.4.1.18
Kawih Sinjang Léréng



sumber: google.com

3.4.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan aya tilu nyaéta: (1) rumpaka kawih; (2) buku tata busana; jeung (3) narasumber. Sumber data rumpaka kawih nyaéta kumpulan kawih Sunda nu aya dina internét (youtube.com atawa google.com) nu ngandung kandaga kecap busana wanoja (kabaya). Judul-judul rumpaka kawih jeung pangarangna bisa diilikan cara ieu di handap.

Tabel 3.4.2

Rumpaka Kawih jeung Pangarangna

| No. | Rumpaka Kawih | Kode Data | Pangarangna |
|------------|-----------------------------------|------------------|--------------------|
| (1) | (2) | (4) | (3) |
| 1. | Batik | Bt | Mang Koko |
| 2. | Begér Pakokolot | BPk | Ki Astham |
| 3. | Cikapundung | CKp | Mang Koko |
| 4. | Éntog Mulang | EMl | NN |
| 5. | Gelung Cioda | GC | NN |
| 6. | Istri Sunda | ISd | Adjat Sudradjat |
| 7. | Ka Bulan | KBl | Yin S. |
| 8. | Mahoni | MHn | NN |
| 9. | Mojang Priangan | MPr | Iyar Wiarsih |
| 10. | Saminggu Kalangkung | SKl | Atang Warsita |
| 11. | Sinjang Bodasan - Cucun Cunayah | SBdCC | NN |
| 12. | Sinjang Bodasan - Nénéng Fitri | SBdNF | NN |
| 13. | Sinjang Bodasan - Dédéh Winingsih | SBdDW | NN |
| 14. | Sinjang Batik | SnBt | NN |
| 15. | Sinjang Bodas | SBds | NN |
| 16. | Sinjang Gejed Milo | SGM | NN |
| 17. | Sinjang Léréng | SLr | NN |
| 18. | Sinjang Réréng Adu Manis | SRAM | NN |
| 19. | Sorodot Demang | SDm | Uko H. |
| 20. | Kaasih Indung | KAi | Dédi Mulyadi |
| 21. | Kabaya Bandung | KBd | U. Suryana |
| 22. | Kabaya Beureum | KBr | Yana Kermit |
| 23. | Kabaya Konéng | KKn | NN |
| 24. | Karémbong Kayas | Kky | U. Suryana |
| 25. | Kembang Goyang | KGy | NN |
| 26. | Tegang Sono | TSn | NN |
| 27. | Ayun Ambing | Aab | NN |
| 28. | Poho ka Balik | PKB | NN |
| 29. | Garut Tasik | GTs | NN |

Rostika Srihilmawati, 2019

KANDAGA KECAP BUSANA WANOJA DINA RUMPAKA KAWIH SARTA IMPLIKASINA PIKEUN MEDIA JEUNG BAHAN AJAR BASA SUNDA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tina 29 rumpaka kawih di luhur tétéla 14 rumpaka kawih kapanggih taun 2017: (1) ‘Karémbong Kayas’ (diaksés dina *youtube* 7 Séptémber 2017); (2) ‘Kabaya Beureum’ (diaksés dina *youtube* 8 Agustus 2017); (3) ‘Kabaya Bandung’ (diaksés dina *youtube* 12 Oktober 2017); (4) ‘Kaasih Indung’ (diaksés dina *youtube* 13 Novémber 2017); (5) ‘Sinjang Gejed Milo’ (diaksés dina *youtube* 22 Novémber 2017); (6) ‘Cikapundung’ (diaksés dina *youtube* 13 Novémber 2017); (7) ‘Éntog Mulang’ (diaksés dina *youtube* 13 novémber 2017); (8) ‘Istri Sunda’ (diaksés dina *youtube* 13 Oktober 2017); (9) ‘Ka Bulan’ (diaksés dina *youtube* 8 Agustus 2017); (10) ‘Mahoni’ (diaksés dina *youtube* 4 Désémber 2017); (11) ‘Mojang Priangan’ (diaksés dina *youtube* 9 Agustus 2017); (12) ‘Saminggu Kalangkung’ (diaksés dina *youtube* 10 Séptember 2017); (13) ‘Sinjang Bodasan-Cucun Cunayah’ (diaksés dina *youtube* 11 Agustus 2017); jeung (14) ‘Batik’ (diaksés dina *google* Agustus 2017). Sésana, kapanggih taun 2018: (1) ‘Garut Tasik’ (diaksés dina *youtube* 13 Juli 2018); (2) ‘Poho ka Balik’ (diaksés dina *youtube* 17 Juni 2018); (3) ‘Ayun Ambing’ (diaksés dina *youtube* 19 Méi 2018); (4) ‘Tepang Sono’ (diaksés dina *youtube* 16 Juli 2018); (5) ‘Kembang Goyang’ (diaksés dina *youtube* 13 Maret 2018); (5) ‘Kabaya Konéng’ (diaksés dina *youtube* 27 April 2018); (6) ‘Sorodot Demang’ (diaksés dina *youtube* 27 Juli 2018); (7) ‘Sinjang Léréng’ (diaksés dina *youtube* 27 Juli 2018); (8) ‘Sinjang Léréng Adu Manis’ (diaksés dina *youtube* 27 Juli 2018); (9) ‘Sinjang Bodas’ (diaksés dina *youtube* 18 Maret 2018); (10) ‘Sinjang Batik’ (diaksés dina *youtube* 22 Maret 2018); (11) ‘Sinjang Bodasan-Nénéng Fitri’ (diaksés dina *youtube* 25 Maret 2018); (12) ‘Sinjang bodasan-Dédéh Winingsih’ (diaksés dina *youtube* 25 Maret 2018); (13) ‘Gelung Cioda’ (diaksés dina *youtube* 27 Juli 2018); (14) ‘Begér Pakokolot’ (diaksés dina *youtube* 19 Méi 2018).

Rumpaka kawih nu dijerona ngandung kandaga kecap busana wanoja (kabaya) tétéla 26 geus dikasétkeun, kawih *Kaasih Indung*, *Batik*, jeung *Garut Tasik* masih dina wangun *single* atawa can dikasétkeun. Tina sakumna rumpaka kawih nu kapanggih, tétéla ieu rumpaka dikawihkeun ku para juru kawih heubeul jeung anyar. Nu heubeul di antarana aya *Titim Fatimah*, *Idjah Khadidjah*, *Hendarso*, *Popong K.*, *Cucun Cunayah*, *Dédéh Winingsih*, *Imas Sari Rasa*, *Imas Nursari*, *Euis Maryati*, *Si Ciung*, *Cicuh Cangkurileung*, jeung *Ipah Gebot*.

Sedengkeun juru kawih nu ka kiwarinakeun di antarana aya *Nining Meida*, *EMKA*, *Novi Aksmiranti*, *Neneng Fitri*, *Aan Kurniasih*, jeung *Yayan Jatnika*. Aya ciri tina rumpaka nu nuduhkeun jaman kawih populér atawa dikawihkeuna, ieu hal katitén tina wangun unggal pada kawihna. Kawih-kawih jaman heubeul lolobana diwangun ku rumpaka dina wangun sisindiran (contona kawih *Ayun Ambing* jeung *Poho ka Balik*), sedengkeun nu kakiwarinakeun mah wangunna bébas (contona kawih *Garut Tasik* jeung *Kabaya Beureum*).

Sumber data nu kadua nyaéta buku-buku tata busana nu dijadikeun sumber data. Salah sahiji buku nu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan nyaéta buku *Glosarium Tata Busana Sunda* karya Wahyu Wibisana, spk. Di sagigireun ti éta, sumber data séjénna tina wawancara jeung narasumber pikeun meunangkeun data ajén palsapah dina ngagunakeun kabaya. Sumber nu diwawancara nyaéta ahli busana Dr. Suciati, S.Pd., M.Ds. (43). Suciati salah sahiji dosén Departemén Tata Busana FPTK UPI Bandung, nu kakara ngaréngsékeun program S3 Program Studi Desain FSRD ITB. Salah sahiji tinimbangan wawancara nyaéta kahiji Dr. Suciati, S.Pd., M.Ds. gedé minatna kana kasundaan, ieu hal dibuktikeun ku tésisna nu maluruh iket Sunda. Salian ti éta Dr. Suciati nulis atawa ngangkat disertasi ngeunaan kabaya. Alesan saterusna éta doktor ahli kabaya téh mibanda pangalaman urusan desain jeung kabaya.